



445 W. Amelia Street · Orlando, Florida 32801 · (407) 317-3200 · www.ocps.net

March, 2024

Chè Paran oswa Responsab,

Nou ta renmen enfòmè w ke elèv ou a ka elijib pou patisipe nan la Family Empowerment Scholarship for Students with Unique Abilities Program (FES UA). Pwogram sa a te kreye pou bay lòt opsyon edikasyonèl pou fanmi elèv ki gen andikap.

Lè w patisipe nan FES UA Pwogram, elèv ou a ka gen opsyon pou ale nan yon lòt lekòl piblik nan distri w la, ale nan yon lekòl piblik nan yon distri adjasan oswa resevwa yon bousdetid nan fòm yon kont epay edikasyon (education savings account: ESA). FES UA lajan yo ka itilize pou atik tankou ekolaj ak frè lekòl prive, pwogram aprantisaj sou Entènèt, leson patikilye prive, terapi, depans kolèj kominotè, ak lòt sèvis ak materyèl aprantisaj customized apwouve.

Elijiblite pou patisipe nan opsyon ESA FES UA etabli nan seksyon 1002.394, lwa Florida yo, ki tou mete limit sou kantite elèv ki ka antre nan pwogram nan chak ane. Paran ki enterese nan opsyon a ka soumèt yon aplikasyon bay youn nan de òganizasyon pou finansman bousdetid (scholarship funding organization: SFO) eta ki administre pwogram sa a. Tanpri sonje nenpòt dat limit pou soumèt ak ranpli aplikasyon SFO yo bay yo.

Pou aprann plis sou opsyon lekòl piblik elèv ou a, kontakte biwo chwa lekòl distri w la. Pou plis enfòmasyon sou opsyon ESA pwogram FES UA a, tanpri kontakte youn nan SFO ki anba yo:

A.A.A. Scholarship Foundation – FL, LLC

P.O. Box 15719 Tampa, FL 33684

888-707-2465

info@aaascholarships.org

Step Up for Students

P.O. Box 54367

Jacksonville, FL 32245-4367

877-735-7837

fes-ua@stepupforstudents.org

Tanpri sonje lèt sa a sèvi pou fè w konnen pitit ou a ka elijib pou patisipe nan Pwogram FES UA. Lèt sa a pa garanti kalifikasyon elèv ou a pou patisipe.

Avék respé,

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'Sandy B.', is written over a horizontal line.